

Taks ak Pwoteksyon Sante

Sa ou dwe konnen si ou enskri atravè Mache Asirans Sante a

Taks pa amizan, men yo jwe yon wòl enpòtan pou fè asirans sante nou vin pi bon mache. Feyè enfòmasyon sa a ede w konprann sa ou dwe konnen konsènan deklarasyon taks ou si ou enskri nan yon plan sante atravè Mache Asirans Sante a, tankou HealthCare.gov oubyen wèbsayt mache Eta w lan.

Èske ou chwazi pou jwenn yon prim kredi taks lè ou enskri nan pwoteksyon an?

Prim kredi taks ede bese pri pwoteksyon an ou achte atravè Mache Asirans Sante a oswa mache Eta a pou moun ki gen revni ki kalifye. **Prim yo** se bòdwo ou peye chak mwa pou asirans sante. Prim kredi taks la kapab mache nan 2 fason:

- **Pran li kounye a.** Pran kredi a chak mwa ou gen pwoteksyon Mache a. Yo rele sa yon **prim kredi taks** alavans. Mache a voye lajan dirèkteman bay konpayi asirans sante w lan, epi ou peye prim chak mwa ki pi ba.
- **Pran li yon lòt lè.** Ou peye prim total la chak mwa, men ou resewa yon ranbousman sou taks ou yo aprè ane sivil la fini.



Pifò moun ki gen yon revni pou tout moun lakay yo ki depase 100% nan Niwo Povrete Federal (Federal Poverty Level, FPL) la kapab kalifye pou plis èd finansyè toujou pou pwoteksyon asirans Mache (Marketplace) a grasa kredi taks sou kontribisyon pou asirans (premium tax credits, PTC) yo chak mwa. Pa gen okenn limit nan revni ankò pou kapab kalifye pou PTC. Koumanse 2021, Mache a pral itilize yon echèl pri varyab sou revni pou kalkile montan PTC yo ke moun kapab kalifye pou yo. Nouvo règ yo garanti moun ki touche plis pase 400% nan FPL peye plis pase 8.5% revni anyèl yo pou kontribisyon (prim) asirans sante yo. Ou aplike pou prim kredi taks la lè ou aplike pou pwoteksyon nan Mache a. Nan aplikasyon an, ou dwe bay Mache a pèmision pou kolekte done fiskal ou yo nan men IRS chak ane. Enfòmasyon sa a pral sèvi pou kalkile kantite asistans finansyè ou kalifye pou resevwa.

Ou pa sèten si w ap resevwa prim kredi taks atravè Mache a?

Si ou enskri pou jwenn pwoteksyon atravè HealthCare.gov, ou kapab gade enfòmasyon konsènan nenpòt prim kredi taks w ap resevwa oubyen ou elijib pou resevwa, lè ou ale nan onglè a ki rele “My Plans” (Plan mwen yo).



Si ou resevwa yon APTC lè ou te enskri nan pwoteksyon asirans lan:

- Ou **DWE** soumèt yon deklarasyon taks federal pou ane pwoteksyon sa a.

Si ou pa t resevwa yon APTC lè ou enskri nan pwoteksyon asirans la pou 2023:

- Ou **gendwa** elijib toujou pou kredi taks nan fen ane 2023 la, men ou dwe soumèt deklarasyon taks federal ou an pou 2023 pou w ka konnen vreman.

Tcheke kourye lapòs ou

Ou te sipoze resevwa **IRS Fòm 1095-A (Deklarasyon Mache Asirans Sante)** nan kourye lapòs (anjeneral vè mi-fevriye) nan men Mache a ki founi enfòmasyon osijè pwoteksyon lasante w ak kantite lajan ou te resevwa kòm prim kredi taks chak mwa, si genyen.

Ou PA bezwen soumèt fòm sa a avèk taks ou yo, men ou ta dwe kenbe li nan dosye w lan epi itilize li pou ranpli **IRS Fòm 8962 (Prim Kredi Taks)**. Pa deklare taks ou yo jiskaske ou resevwa yon 1095-A ki **kòrèk**. Si 1095-A ou an pèdi, ou pa janm resevwa li oubyen li pa kòrèk, ou dwe kontakte Mache a dirèkteman (pa IRS la).



Kijan pou konsilye prim kredi taks ou an

Enfòmasyon ki sou Fòm 1095-A endike montan prim kredi taks la ou te resevwa pandan ane a. Asire w ke enfòmasyon ki sou Fòm 1095-A la kòrèk paske ou pral itilize li pou ede w ranpli Fòm 8962 an. Mache a itilize enfòmasyon taks ou yo pou asire li ke ou te resevwa montan èd finansyè ki kòrèk la, dapre kantite moun ki rete lakay ou ak revni w. Si montan prim kredi taks la ke ou te resevwa pa menm ak montan ou kalifye vreman pou li an, diferans lan pral **konsilye** lèou deklare taks ou yo. Sa siyifi ou gendwa dwe oswa y ap ranbouse w lajan an lèw deklare taks federal ou yo.

Si ou te gen pwoteksyon ane pase men ou pa deklare ni konsilye prim kredi taks ou yo, ou **PAP** kapab resevwa prim kredi taks ou ane pwochèn.

Si revni w te bese pandan ane a, ou gendwa kalifye toujou pou yon kredi taks federal lounye a – menmsi ou pa t elijib lè ou te premye aplike pou pwoteksyon an. Pou chèche konnen si ou elijib, ou dwe soumèt deklarasyon taks federal ou yo ak Fòm 8962.

Pandan w ap pare pou deklarasyon taks ou yo,

li enpòtan pou konnen te gen chanjman nan fòm taks ane sa a:

- Pou ane fiskal 2023, ou pral itilize **IRS Fòm 1040 (Declarasyon Taks Federal sou Revni Endividyèl)**, ki pa gen kaz “Pwoteksyon asirans sante pou tout ane an oswa egzanpte” epi li gen mwens schedules ki nimewote pase ane anvan yo. Ou pral founi enfòmasyon osijè prim kredi taks yo nan Schedules 2 ak 3, ki se fòm ou pral ranpli epi soumèt ansanm ak Fòm 1040 ak Fòm 8962.
- Si ou fèt anvan 2 janvyè 1955, ou genyen kounye a opsyon an pou itilize nouvo **IRS Fòm 1040-SR (Declarasyon Taks Federal pou Senyò)**, ki anjeneral refilete Fòm 1040 la.



Kisa ou ta dwe genyen avèk ou lè ou deklare taks

Enfòmasyon sou Pwoteksyon Asirans Sante

1. IRS Fòm 1095-A (Deklarasyon Mache a konsènan Asirans Sante).

* **Ou PA bezwen soumèt fòm sa a ak taks ou yo**, men ou ta dwe kenbe li nan dosye w epi itilize li pou ede w ranpli IRS Fòm 8962 (Prim Kredi Taks) la.

Revni ak enfòmasyon taks pou pwochen ane fiskal la

1. Fòm W-2 yo nan men tout anplwayè yo
2. Nimewo Sètifika Egzanpsyon Inik oswa ECN, si ou te aplike pou yon egzanpsyon opre Mache a
3. Enfòmasyon osijè nenpòt revni anplwaye ki travay pou kont yo touche
4. Konpansasyon chomaj
5. Benefis Sosyal Sekirite yo

Enfòmasyon pou chak moun nan fwaye kay la

1. Nimewo sosyal sekirite yo

* Si ou pa gen yon nimewo sosayl sekirite ki valab, pote yon Nimewo Idantifikasyon Kontribyab Endividyèl (ITIN). Se yon nimewo ki gen 9 chif ladann ou kapab mande epi resevwa nan men IRS.

2. Dat nesans yo



Èske ou bezwen èd pou deklare taks ou yo?

Si revni w mwens pase \$64,000:

Ou gendwa kapab jwenn èd gratis pou deklare taks ou yo atravè pwogram Asistans Volontè ak Revni Taks (Volunteer Income Tax Assistance, VITA) lan. Jwenn plis enfòmasyon osijè pwogram VITA an:

<https://irs.treasury.gov/freetaxprep>

Si revni w mwens pase \$79,000:

IRS konn bay lijisye deklarasyon taks gratis. Jwenn plis enfòmasyon osijè lojisye la:

<https://www.irs.gov/FreeFile>

Epitou ou kapab pale ak manadjè dosye Ryan White ou an pou chèche konnen si sèvis preparasyon taks yo disponib atravè òganizasyon yo oubyen yon lòt founisè lokal.



Sant Asistans Teknik pou Aksè, Swen ak Angajman (ACE) bati kapasite kominote RWHAP pou navige nan peyizaj swen sante k ap chanje epi ede moun k ap viv ak VIH jwenn aksè nan pwoteksyon sante yo epi sèvi ak li pou amelyore rezilta sante yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan: www.targethiv.org/ace.



Resous sa a te prepare pa JSI Research & Training Institute, Inc. epi li te sipòte pa Health Resources and Services Administration (HRSA) Depatman Sante ak Sèvis Imen (HHS) Etazini anba nimewo sibvansyon U69HA30143: Building Ryan White VIH/SIDA Pwogram Destinataire Kapasite pou angaje moun ki gen VIH nan aksè nan swen sante. Enfòmasyon, kontni ak konklizyon sa yo se responsabiltè otè a sèlman epi yo pa ta dwe entèprete yo kòm pozisyon oswa politik ofisyèl ni kòm si HRSA, HHS oswa Gouvènman Etazini a apwouve yo ofisyèlman.